# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# जुलुम ढ़ाहे वाला से उपदेशक


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 58 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri







परमेश्वर जानत रहल की रेगिस्तान में एगो यात्री बाड़े, जे इथियोपिया की रानी कैंडेस क एगो शासक हउवन। उ अपनी घर की रास्ता, एगो विशेष किताब के पढ़ते पढ़ते जात रहलन। केवन किताब रहल, का आप अनुमान लगा सकीं ला?
3


फिलिप्पुस परमेश्वर की आज्ञा के मनलन; परमेश्वर उनके सीधे ओ शासक की पास ले गइलन जेवन बिना समझले किताब के पढ़त रहलन।
4


उ फिलिप्पुस के अपनी साथ आवे खातिर आमंत्रित कइलन।
5


"एकर का मतलब भइल?" शासक फिलिप्पुस से पूछलें। जइसे ही रथ रेगिस्तान की सड़क पर झटका देके आगे बढ़ल, फिलिप्पुस आपन मुंह खोलके धर्मशास्त्र से यीशु की बारे में प्रचार कइलें।
6


अफ्रीकी क शासक तुरंत ही बाइबल की संदेश पर बिस्वास कइलें अउर स्वीकार कइलें की यीशु मसीह ही परमेश्वर क बेटा हँउवन। कुछ पानी के देखके उ कहलन, "हमके बपतिस्मा लिहला से का रोक सकता बा?"
7


फिलिप्पुस कहलन, "यदि तूं अपनी पूरा मन से विश्वास करअ तब, तू ले सके लअ।" शासक जबाब दिहलन, "हम जानत बानी अउर बिश्वास करत बानी की यीशु मसीह ही परमेश्वर क बेटा हउवें।" फिलिप्पुस उनके पानी की पास ले गइलन अउर उनके बपतिस्मा दिहलन।
8


उ जब पानी से बाहर अइलन, प्रभु क आत्मा, फिलिप्पुस के दूर लेके चल गइल। ए खातिर अफ्रीकी शासक उन के ज्यादा देर तक देख ना सकलें। उ आनन्द की साथ इथियोपिया लवट अइलन!
9


लेकिन कुछ लोग मसीहियन से नफरत करत रहलें। स्तिफनुस, फिलिप्पुस की दोस्तन में से एगो, के क्रोधित लोग जान से मार दिहले रहलन, काँहे से कि उ यीशु की बारे में बात करत रहलन। तरसुस क शाऊल नामक एगो आदमी स्तिफनुस के मारला में मदद कइले रहल। शाऊल, सब मसीही लोगन से नफरत करत रहलन।
10


शाऊल क मसीहियन की खिलाफ धमकी अउर हत्या, क खबर महायाजक की पास तक गइल अउर उ पुरुष लोग या महिला लोगन के जे यीशु क अनुयायी रहलें, गिरफ्तार करे खातिर अधिकार पत्र मिलल।
11


तरसुस क बेचारा शाऊल! ई ना जानत रहल की जब उ परमेश्वर की लोगन के चोट पहुँचावे लन तब, वास्तव में उ प्रभु यीशु के दर्द देबे ला। अब परमेश्वर के शाऊल के रोके के पड़ी। लेकिन कइसे?
12


परमेश्वर, शाऊल के "नियंत्रित कर लिहलें"! जब शाऊल दमिश्क की शहर की रास्ता पर रहलन, परमेश्वर स्वर्ग से एगो महान प्रकाश क किरन भेजलें। शाऊल जमीन पर गिर गइलन। फिर उ एगो आवाज सुनलन।
13


"प्रभु, आप के हँइं?" शाऊल चिल्लइलन
"हम यीशु हँइं, जे के तू सतावत बाड़अ।"
थरथराते अउर चकित होके, शाऊल कहलन,
"हे प्रभु, आप हमसे का चाहत बानी?"
14


अउर तब प्रभु कहलन, "उठअ अउर
शहर में जा, तोहके उंहें बतलावल
जायी की का करे के बा।"
15


शाऊल की साथ पुरुष लोग
भी आवाज सुनलें, लेकिन
उन लोगन के कुछ दिखाई
ना दिहलस। शाऊल
जमीन पर से उठलन -
अउर अपनी आप के
आन्हर पवलें! ओ
लोग उसे दमिश्क
में ले गइलें।
16


ओ शहर में शाऊल तीन
दिन तक आन्हर रहल,
अउर ना कुछ खइलन
अउर न पीयलन। शायद
उ प्रभु यीशु से प्रार्थना में
समय बितावत रहलन जे
दमिश्क की रास्ता पर
उनके मिलल रहलन।
17


परमेश्वर की पास सब कुछ
क योजना हअ। दमिश्क में
हनन्याह नाम क एगो शिष्य
रहलन। प्रभु उनसे शाऊल
क मदद करे की खातिर
भेजलन। हनन्याह
डेरा गइल रहलन।
18


लेकिन उ परमेश्वर की बात
के मनलन। जब उ शाऊल
पर हाथ रखलन, तब
अंधापन जात रहल –
अउर शाऊल परमेश्वर
की पवित्र आत्मा
से भर गइलन।
19


शाऊल के बपतिस्मा दिहल
गइल। फिर उ खइलन। जब उ
भोजन ग्रहण कइलन तब बल
मिलल। शाऊल के शक्ति क
जरूरत रहल। उ बहुत महत्वपूर्ण
काम करे वाला रहलन।
20













जुलुम ढ़ाहे वाला से उपदेशक

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरित लोगन क काम 8-9

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !